


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

## Yesus Nyumponan Dahar 5000 Jalma



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Loba pamingpin agama  
(disebut urang Parisi)  
ngadongeng carita  
bohong ngeunaan  
Yesus.

Malahan aya nu arek  
maéhan anjeunna.

Maranéhna teu  
percaya yén  
Anjeunna  
bener-  
bener  
Putra  
Allah.



Maranehna henteu narima Anjeunna sanajan  
Anjeunna midamel mujijat-mujijat anu ngabuktikeun  
yen Anjeunna teh  
leres Putra Allah.





Dina hiji poe, Yesus meuntas Laut Galilea. Panginten Anjeunna hoyong istirahat sakedap ti balaréa anu sok ngariung di sakuriling Anjeunna. Tapi balaréa geura-giru manggihan Anjeunna. Aranjeunna terang yén Yesus midamel mujijat anu hébat. Aranjeunna hoyong pisan tiasa sasarengan Anjeunna.




Yesus ngagiring murid-murid-Na ka hiji gunung  
anu sepi, tempat Anjeunna linggih, ngajar.  
Beuki loba jalma tuluy daratang. Teu lila  
ti dinya éta waktuna dahar peuting.  
Sarerea pasti geus  
lapareun.



Yesus neuteup ka jalma rea. "Di mana urang meuli roti sangkan ieu jalma bisa dahar?" Manéhna nanya ka Pilipus. Aya henteu warung dahareun sabudeureun. Naon anu direncanakeun ku Yesus?




"Mahal kacida mun mere dahar ka jalma-jalma ieu mah," Waler Pilipus ka Yesus. Yésus jeung murid-murid-Na teu boga loba duit.






Murid sejen, Andreas  
(lanceukna Simon Petrus)  
nyarios ka Yesus, "Aya  
budak di dieu anu boga  
lima roti sa'ir jeung dua  
lauk leutik, ..."




"... tapi naon hartina eta diantara sakitu loba jalma?" Andreas teu ningali kumaha eta dahareun budak bisa mere dahar loba jalma - sanajan budak éta kersa masihan tuangeunnana kanggo Yesus.




Yesus ngadawuh, "Bejakeun jalma-jalma geura calik."  
Tuluy maranehna calik, jumlahna aya kira-kira lima  
rebu. Wah! LIMA REBU! Éta ogé teu acan kaasup  
awéwé sareng murangkalih anu aya di dinya.




Teras Yesus nyandak eta roti sareng lauk. Budak leutik éta pastina percaya ka Yésus. Anjeunna henteu terang naha Yesus teh hoyong tuangeunana, atanapi Yesus bade midamel nu sejen deui. Anjeunna panginten mikiran, "Upami abdi masihan tuang siang, abdi henteu tiasa tuang." Tapi anjeunna tetep masihan ka Yesus.




Lajeng, Yesus neneda.  
Anjeunna muji sukur ka  
Gusti. Pikeun lima roti  
sareng dua lauk?  
Sumuhun! Yesus nyarios  
"Hatur nuhun" ka Allah  
sareng nyuhunkeun ka  
Anjeunna ngaberkahan  
tuangeunana.




Sanggeus ngadoa, Yesus  
meulah-meulah roti jeung  
lauk, tuluy dibikeun ka  
murid-murid anu ngabagi-  
bagikeun ka jalma rea.  
Harita jalma-jalma ningali  
langsung mujijat anu  
dilakukeun ku Yesus.  
Masing-masing jalma  
tuang sadayana sakumaha  
anu dipikahoyong.  
Nanging roti sareng  
lauk teh henteu béak.



Sanggeus kabéhna dahar, masih loba kénéh sesa roti jeung lauk. "Kumpulkeun potongan-potongan éta supados henteu aya anu leungit," saur Yesus ka murid-murid. Dua welas karanjang kaeusi ku potongan-potongan tina lima roti sa'ir sésa-sésa anu geus dahar.




Poé éta, Yésus nyumponan leuwih ti  
5000 jalma tina kadaharan budak leutik.  
Dina waktos sejen, Anjeunna masihan  
tuang langkung ti 4000 urang ku tujuh  
roti sareng sababaraha lauk.





Nalika jalma-jalma tiasa ningali tanda-tanda ieu, aranjeunna henteu ambek sapertos urang Parisi. Gantina ceuk maranehna, "Ieu teh leres Nabi anu bakal datang ka dunya." Aranjeunna terang yén Yesus mangrupikeun Jurusalamet Anu sumpingna dijanjikeun dina Kitab suci Allah.



Yesus Nyumponan Dahar 5000 Jalma


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yoh 6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





| 51

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

